

• •

CHAPIT 12

Pouse:

Dezyèm etap tranche ak akouchman an

Nan chapit sa a:

Chèche siy ki endike dezyèm etap la kòmanse oubyen li prèske kòmanse.....	195
Sa k pase nan dezyèm etap tranche a	196
Jan bebe a pase nan vajen an.....	197
Ede manman an akouche sennesòf	199
Verifye eta fizik manman an ak bebe a.....	199
Soutni manman an pandan l ap pouse	200
Veye move siy.....	202
Veye ak ki vitès akouchman an ap fèt la.....	202
Veye si l ap bay san lè l ap pouse	205
Ede manman an akouche	206
Anpeche vajen an blese.....	206
Si sa nesesè, netwaye nen ak bouch bebe a	208
Gade si kòd lonbrik la pa pase nan kou pitit la	210
Mete zèpòl bebe a deyò.....	211
Mete kò bebe a deyò epi remèt li bay manman l	214
Koupe kòd lonbrik la lè l vin tou blanch epi li sispann bat	214
Bebe a nan pozisyon chita.....	215
Akouchman bebe ki nan pozisyon chita a ki pye dwat oubyen pye kwaze	216
Akouchman bebe ki nan pozisyon pye devan	218
Akouchman marasa	219
Danje ki genyen nan akouchman marasa.....	219
Akouchman marasa.....	220
Bebe a toupiti oswa li fèt plis pase 5 semèn anvan lè.....	221

• • • • • • • • • • • • • • • • • • •

POUSE:

DEZYÈM ETAP

TRANCHE AK AKOUCHMAN AN



Dezyèm etap tranche a se lè manman an pouse bebe a deyò matris la pou l desann nan vajen an, epi ptit la fêt. Dezyèm etap la kòmanse lè kòl matris la fin ouvri, epi li fini lè ptit la soti deyò. Nòmalman, dezyèm etap la ka dire kèk minit; konsa tou li ka dire jiska 2 èdtan.



Chèche siy ki endike dezyèm etap la kòmanse oubyen li prèske kòmanse

Pa gen danje si manman an kòmanse pouse lè kòl matris la fin ouvri nèt **epi** li santi li vrèman anvi pouse. Sèl fason w ka asire w kòl matris la fin ouvri nèt se lè w fè yon egzamen vajinal (gade paj 339). Men, sonje sa: egzamen vajinal ka lakòz enfeksyon. Li pi bon pou w pa fè egzamen vajinal. Avèk bonjan eksperyans, ou sipoze konnen ki lè manman an pare pou l pouse san w pa fè yon egzamen.

Olye pou w fè yon egzamen vajinal, chèche siy sa yo pito. Si manman an montre 2 oswa plis nan siy sa yo, li pwobab pou l déjà nan dezyèm etap la.

- Manman an gen yon gwo anvi pou l pouse (li ka di li anvi fè poupou). Li ka kenbe souf li, oubyen w ka tande l ap plenn pandan kontraksyon.
- Kontraksyon yo pa vin twò souvan ankò. Men, yo toujou vini ak fòs, oubyen yo pi fò toujou.
- Tanperaman manman an chanje. Li ka vin gen dòmi oswa li ka pi konsantre.
- Genyen yon tras mov ki parèt sou dèyè manman an, pandan de bò dèyè l yo ap dekole youn ak lòt akoz presyon tèt ptit la mete sou yo.


- Pati deyò vajen manman an oswa twou dèyè li kòmanse gonfle lè l gen kontraksyon.
- Manman an santi tèt ptit la nan vajen l.



Pouse anvan lè

Si manman an kòmanse pouse anvan kòl matris la fin ouvri, pitit la pap ka soti deyò paske kòl matris la ap bloke l. Pouse twò bonè ka fè kòl matris la anfle epi l ap sispann ouvri. Sa ap fè tranche a dire plis tan. Menmsi w sèten kòl matris la gentan fin ouvri, pinga w ankouraje manman an pouse toutotan li pa santi pouse a sitèlman fò li pa kapab kenbe l ankò. Kòmanse pouse twò bonè ap sèlman fè manman an fatige.

Si manman an gen plis pase 30 minit depi l ap pouse san l pa fè pwogrè, epi w gen fòmasyon nan fè egzamen vajinal, ou mèt fè l kounye a. Menmsi w santi yon tikras toupti nan kòl matris la, fè manman an rete sou jenou l ak men l avèk tay li anlè. Pozisyon sa a fè pitit la soti sou kòl matris la pou l ka dezanfle, konsa kòl matris la ka rekòmanse ouvri ankò.




Ede manman an rete nan pozisyon sa a san l pa pouse pandan omwen inèdtan. Lè kòl matris la fin ouvri nèt, li mèt rekòmanse pouse.

Sa k pase nan dezyèm etap tranche a


Nan dezyèm etap la, lè pitit la byen wo nan vajen an, ou ka wè vajen an ap gonfle pandan kontraksyon an. Twou dèyè l la ka ouvri yon ti kras. Lè yon kontraksyon fin pase, vajen an ap fè yon bese.

Chak kontraksyon (epi chak fwa manman an pouse) fè pitit la desann pi ba. Lè yon kontraksyon fin pase, matris la fè yon poze, epi li fè yon ti rale pitit la antre anndan (men li pa rive menm kote l te ye anvan kontraksyon an).



Vajen an gonfle
pandan
kontraksyon.
Vajen an bese
apre
kontraksyon.

Apre yon ti moman, ou ka wè tèt bebe a ap desann nan vajen an pandan kontraksyon yo. Kò bebe a fè mouvman tankou yon vag lanmè: antre soti, antre soti, men chak kontraksyon avanse l pi pre pou l fin soti.



Lè tèt ptit la detire ouvèti vajen an pou l rive apeprè gwosè pla men w, tèt la ap rete nan ouvèti a, menm apre yon kontraksyon fin pase epi yon lòt pokò vini. Lè sa a yo konn di tèt la kouwone.

Depi tèt la fin soti, rès kò a konn glise soti byen fasil apre youn ou 2 pouse.

Lè tèt la kouwone,
vajen an yon ti
kras pi laj pase
yon pla men.




JAN BEBE A PASE NAN VAJEN AN

Bebe yo chanje pozisyon pandan y ap pase nan vajen an. Foto sa yo montre yon pati nan kò manman an, pou w ka wè kòman ptit la ap deplase anndan 1.

Men sa k ap pase anndan an:

Men sa w wè sou deyò a:

	Dabò, bebe a koube tèt li , manton l kole sou lestomak li. Sa fè l pi fasil pou tèt li pase nan basen manman an.	
	Gen anpil presyon sou tèt bebe a e tèt la chanje fòm pandan l ap pase nan basen manman an. Bebe a vire tèt li bay do manman an.	
	Bebe a kòmanse leve manton I lè l rive toupre ouvèti vajen an. Yo rele sa ekstansyon.	
	Ptit la leve manton l pi wo toujou lè tèt li kouwone .	

	<p>Bebe a kontinye ap leve manton l pandan tèt li ap soti. Sa pèmèt tèt la soti byen swa.</p>	
	<p>Pitit la kontinye leve manton l jiskaske tèt li fin soti. Dabò, fas pitit la toujou ap gade do manman an, men zepòl li yo vire nan yon ang.</p>	
	<p>Ansuit, tèt pitit la vire gade janm manman an. Kounye a fas pitit la rete tou dwat avèk zèpòl li.</p>	
	<p>Apre sa, tout kò bebe a vire anndan manman an. Zèpòl bebe a vin byen dwat. Fas pitit la bay sou janm manman an.</p>	
	<p>Rès kò pitit la glise soti byen fasil.</p>	

Note sa: Bebe yo fè mouvman konsa si yo nan pozisyon tèt anba, avèk fas yo nan direksyon do manman an. Men, gen anpil pitit ki pa nan pozisyon sa a. Yon bebe ki bay fas li sou vant manman an, oswa ki nan pozisyon chita a, ap fè mouvman yon lòt fason. Byen veye chak akouchman pou w wè kòman chak bebe fè mouvman dapre pozisyon yo ye a.

Ede manman an akouche sennesòf

VERIFYE ETA FIZIK MANMAN AN AK BEBE A

Eta fizik manman an

Pandan dezyèm etap la, kontwole tansyon ak batman kè manman an anviwon chak 30 minit pou w wè si gen siy ki endike li fè pre-eklanmsi, enfeksyon, oswa emoraji. Chak fwa w fin kontwole youn, ekri l.

Si tansyon manman an rive 140/90 oswa pi wo, li ka fè pre-eklanmsi (gade paj 180). Si valè anba a bese omwen 15 pwen, li ka gen emoraji (gade paj 183). Si kè l bat pi vit pase 100 fwa pa minit apre e anvan kontraksyon yo, li ka dezidrate (gade paj 159), li ka fè enfeksyon (gade paj 179), oswa li ka gen emoraji (gade paj 183).



Eta fizik bebe a

Li konn pi difisil pou w tandé batman kè bebe a nan dezyèm etap la paske li desann pi ba nan vant manman an.

Yon fanmsaj eksperimente ki byen ekipe ka rive tandé batman kè bebe a apre e anvan kontraksyon yo. Kote w ka tandé l pi byen se anba vant manman an, toupre zo basen an. Se pa yon pwoblèm si batman kè a desann jiska 70 fwa pa minit pandan yon kontraksyon kote manman an ap pouse. Men li sipoze remonte tousuit apre kontraksyon an fin pase.

Si batman kè bebe a pa remonte apre yon minit, oswa si l rete pi ba pase 100 fwa pa minit pou plis pase detwa minit, bebe a ka gen yon pwoblèm. Mande manman an pou l chanje pozisyon (gade paj ki vin apre a), epi kontwole batman kè bebe a ankò. Si l toujou twò lan, mande manman an pou l sispann pouse pandan detwa kontraksyon. Asire w li respire byen fon e byen long pou bebe a ka jwenn oksijèn. Gade paj 172 pou w wè kèk rezon ki ka fè kè a bat dousman.



Si kè pitit la ap bat twò vit, gade paj 173.

SOUTNI MANMAN AN PANDAN L AP POUSE

Lè kòl matris la ouvri, kò manman an ap pouse bebe a mèt deyò. Kèk fanmsaj ak doktè konn eksite lè konsa. Yo konn ap rele di manman an, “Pouse! Pouse!” Men, nòmalman manman yo pa bezwen anpil presyon pou yo pouse. Kò yo anvi pouse tou natirèlman, e lè yo jwenn bonjan ankourajman ak sipò, medam yo ap jwenn fason yo pi alèz pou yo pouse bebe a mèt deyò.

Kite manman an chwazi pozisyon li santi k ap bon pou li a

Chita a mwatye



Se pozisyon sa a ki ka pi alèz pou manman an, e li ka pi fasil pou fanmsaj la dirije tèt pitit la.

Kouche sou kote




Fi a ka santi l alèz nan pozisyon sa a, epi sa anpeche vajen an dechire.

Sou men ak jenou



Pozisyon sa a bon lè manman an santi tranche a nan do l. Epitou sa ka ede lè zepòl ti bebe a kole (gade paj 211).

Kanpe



Akoupi oubyen chita sou yon zòrye



Chita sou janm yon moun oswa sou yon chèz akouchman



Twa pozisyon sa yo ka ede fè bebe a desann lè akouchman an lan.

Note sa: Nòmalman li pa bon pou manman an kouche plat sou do nan yon akouchman nòmal. Kouche plat sou do ka anpeche san sikile byen pou manman an ak bebe a, e sa ka fè akouchman an lan. Men, si bebe a ap vini byen vit, manman mèt kouche sou do.

Si manman an bezwen èd pou l pouse

Bebe a desann pi byen lè se manman an ki gen anvi pouse poukонт li. Men, pafwa manman an bezwen sijesyon sou ki pozisyon ki pi alèz ak fason pou l pouse. Li ka bezwen asistans si l pokò gen gwo anvi pou l pouse menm apre kòl matris la fin ouvri depi plizyè èdtan, oswa si fason l ap pouse a pa ka fè pitit la desann. Si li sou tansyon oswa li gen kè sote, sa ka anpeche pasaj la ouvri epi bebe a fêt. Oubyen tou, li ka bezwen asistans pou l pouse si bebe a gen pwoblèm (kè li bat twò lan) epi akouchman an dwe fêt rapid.

Men 3 fason pou l pouse ki konn mache byen:


Pran souf rapid epi pouse:

Manman an pran ti souf rapid, epi li bay plizyè pouse kout ki fò pandan chak kontraksyon.



Plenn oswa gwonde epi pouse:

Manman an pran youn gwo souf. Apre sa li fè yon plenn/gwonde ki long tou ba epi li pouse byen fò pandan kontraksyon an.




Kenbe souf epi pouse: Manman an pran 2 gwo souf, li kenbe dezyèm nan, epi pandan kontraksyon an li pouse pi fò e pi lontan li kapab. Li ka kenbe manton l sou pwatrin li. Sa kapab se metòd ki pi bon si pitit la ap soti dousman.

Pandan chak pouse, manman an dwe lache bouch li ak janm li yo epi kite yo ouvri, li dwe kite manton l sou pwatrin li, epi dèyè l sou anba.



Pafwa medam yo konn pouse desann epi yo rale monte anmenmtan. Fè konsa ap kenbe bebe a anndan, olye pou l soti deyò. Lè manman an ap rale monte, sa anpeche pwogrè e sa ka fè gen plis doulè. Ankouraje manman an pou l kenbe dèyè l sou anba epi pou l lache/ouvri senti l. Epitou, li mèt eseye metòd ki rele kenbe souf la pou l pouse.



Si manman an sou tansyon, oubyen si l gen difikilte pou l pouse, men kèk bagay ki ka ede l:


Mande manman an pou l chanje pozisyon.




Mande manman an pou l ouvri bouch li epi pou l lache machwè l.



Mete twal pwòp ki mouye ak dlo cho sou vajen l.



Avèk yon gan nan men w, foure yon dwèt ou 2 santimèt nan vajen l epi peze desann tou dwat ale sou dèyè l. (Pa fwote vajen an.)



Mande manman an pou l rale pye l monte sou vant li.



Ede manman an pouse

Si manman an gen difikilte pou l pouse, pa rele sou li e pa fè l menas. **Pinga ou janm joure oswa bay manman an kou pou w ka fè l pouse.** Si manman an fache oswa kè l sote, sa ka ralanti akouchman an. Olye de sa, esplike l ki jan pou l pouse byen. Felisite l pou efò l ap fè a.

Di manman an lè w wè deyò vajen an kòmanse gonfle. Fè l konnen sa vle di bebe a ap desann. Lè w wè tèt la, fè manman an manyen l. Sa ka ankouraje l pouse pi byen.

*Pouse toujou.
Trè byen! Mwen ka wè tèt la!*




Veye move siy

VEYE AK KI VITÈS AKOUCHMAN AN AP FÈT LA

Veye ak ki vitès chak akouchman fèt. **Si akouchman an ap pran twòp tan, mennen manman an lopital.** Se youn nan bagay ki pi enpòtan yon fanmsaj ka fè pou anpeche pwoblèm grav oubyen menm sove lavi medam yo.

Fi k ap fè premye pitit yo ka bezwen 2 èdtan (e pafwa plis) kontraksyon fò ak pouse anvan pitit la resi fèt. Nòmalman, dezyèm pitit la ak lòt apre yo pran mwens pase inèdtan pouse pou yo fèt. Gade ak ki vitès tèt pitit la ap desann nan pasaj la. Toutotan tèt pitit la kontinye ap desann (menmsi li lan anpil), epi kè pitit la kontinye ap bat nòmalman, epi manman an gen fòs, sa vle di akouchman an pa gen okenn pwoblèm. Manman an dwe kontinye pouse jiskaske tèt bebe a kouwone.



Sepandan, si manman an fè yon bann tan ap pouse san pa gen pwogrè ki fèt, sa ka bay pwoblèm grav, tankou fistil (gade paj 273), matris chire, oswa ni manman an ni pitit la ka mouri. Si w pa wè vajen manman an ap gonfle apre li fè 30 minit ap pouse byen fò, oswa si vajen an fè yon ti gonfle toupli sèlman, sa ka vle di tèt pitit la sispann desann. Si bebe a toujou rete an plas apre manman an fè inèdtan ap pouse, manman an bezwen èd.

Bebe a pokò fèt apre 1 ou 2 èdtan kontraksyon fò pandan manman an ap byen pouse

Si w pa wè siy ki montre tèt bebe a ap desann, oswa si bebe a sanble li kole, chèche wè ki sa ki lakòz pwoblèm nan. Men kèk sitiyasyon ki ka ralanti akouchman an oswa ki ka fè tèt pitit la kole:

- Manman an gen kè sote
- Manman an fatige depase
- Vesi manman an plen
- Manman an bezwen chanje pozisyon
- Bebe a nan yon pozisyon ki fè akouchman an vin difisil oswa enposib
- Bebe a pa ka pase nan basen manman an

Paj 191 bay lide sou fason pou w ede yon fi ki pa ka akouche paske li gen kè soti oswa paske li fatige depase.

Vesi manman an plen

Lè vesi a plen, sa ka ralanti akouchman an oswa menm kanpe 1. Yon fi ki gen tranche pandan plizyè èdtan avèk vesi li plen ka fè fistil oswa lòt pwoblèm. Ede manman an pipi, osinon, si l bezwen, mete yon katetè pou li (gade paj 352).

Manman an bezwen chanje pozisyon

Si yon pozisyon pa pèmèt bebe a desann, eseye yon lòt pozisyon. Souvan, pozisyon ki mache pi byen se akoupi. Akoupi ouvri basen an, epi fòs gravite a ede bebe a desann.

Eseye bay manman an yon bagay pou l kenbe. Pa egzanp, li ka kenbe seri ki sou yon pòt oubyen yon kòd ki mare anlè a, epi l ap tire l desann pandan l ap pouse.



Akoupi ka
ede bebe a
desann.

Bebe a nan yon pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou akouchman an fèt

Gade paj 190 pou w wè ki pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou yon timoun fèt.

Si fas bebe a bay sou vant manman an, li ka pi fasil pou manman an pouse soujenou l ak men l oswa si l akoupi. Sa ka ede bebe a vire fas li bay sou do manman an pandan l ap desann.

Pafwa tèt bebe a bese jan l dwe ye a, men li panche sou kote. Lè sa a, sa ka ede manman an si l fè ti mache kote l ap leve janm li yo wo, youn apre lòt, kòmsi l ap monte yon eskalye oswa yon pant ki apik.

Si se figi bebe a oswa fon l ki parèt anvan, li ka difisil oswa enposib pou akouchman an fèt. Si w panse se sa k pwoblèm nan, al lopital tousuit. Pandan w sou wout lopital la, ede manman an sispann pouse (gade paj 207).

Bebe a pa ka pase nan basen manman an

Si basen manman an twò jis pa anndan an, oswa si tèt bebe a gwo anpil, akouchman an ka ralanti oswa kanpe. (Gwosè ranch manman an sou deyò pa enpòtan.) Si manman an kontinye ap pouse pandan plizyè èdtan san l pa fè pwogrè, matris li ka dechire, li ka fè fistil (gade paj 273), oswa li menm ak tout pitit la ka mouri ak fatig.

Si bebe a pa ka pase nan basen manman an, pwobableman premye etap tranche an te pi long tou.

Si pa gen pwogrè ki fèt, al lopital

Si w eseye plizyè metòd pou fè bebe a desann: byen pouse, diferan pozisyon, fè l pipi, sewòm oral, akipresyon, ak nenpòt lòt metòd ou konnen, epi malgre sa ou toujou pa wè okenn pwogrè apre inèdtan ap byen pouse, mennen manman an lopital. Se yon danje si w ret tann plis move siy toujou.

Si w lwen lopital la, pa tann plis pase inèdtan; al lopital tousuit. Gen plizyè milye fi ki mouri chak ane paske yo pa t al lopital atan.



Pandan w sou wout lopital la, ede manman an sispann pouse (gade paj 207). Fè l rete nan pozisyon sou lestomak ak sou jenou l (oswa nenpòt lòt pozisyon ki pèmèt ranch li rete anlè) pou pa gen presyon sou tèt bebe a.



ATANSYON! Pinga w janm peze vant manman an pou l ka akouche pi vit. Sa ka fè plasenta a dekole ak matris la, oswa sa ka dechire matris la. Sa ka touye manman an oubyen pitit la.

VEYE SI L AP BAY SAN LÈ L AP POUSE

Li nòmal pou gen yon tikras san ki soti nan vajen an pandan dezyèm etap la, sitou glè ki mele ak san. Sa ka montre bebe a ap deplase pou l desann. Men, si se yon voun san wouj vif k ap soti, sa ka vle di plasenta a dekole oswa matris la chire (gade paj 184).

Plasenta a dekole

Si manman an bay siy ki endike plasenta a dekole (anpil san fre ki soti yon sèl kou nan vajen an, kè pitit la ap bat byen vit oswa tou dousman, matris la anfle oswa li tou rèd, oubyen manman an nan eta chòk) mennen l lopital oswa nan yon sant sante tousuit.

Si pitit la prèske fèt epi w pap gentan rive lopital, fè manman an pouse ak tout fòs li san rete otank li kapab. Mete bebe a deyò rapid; ou ka gen kèk minit sèlman pou w fè sa. Si sa nesesè, koupe pasaj manman an pou l ka vin pi laj pou bebe a ka pase pi vit (gade paj 354). Si pitit la pran twòp tan pou l soti, li menm ak tout manman an ka mouri.

Prepare w! Bebe a ka bezwen pou w ede l kòmanse respire (gade paj 241), epi manman an ka ap senyen anpil apre akouchman an (gade paj 224). Fè yon moun pran swen pitit la pandan w ap pran swen manman an.

Pouse fò! Fòk bebe a fèt rapid!



Matris la chire

Si matris la chire, kontraksyon yo ap sispann epi manman an ka santi yon gwo doulè san rete. Batman kè bebe a pral ralanti, epi l ap kanpe. Si w kwè matris la chire, trete manman an pou chòk (gade paj 239). **Mennen l lopital, menmsi l lwen anpil.**

Ede manman an akouche

ANPECHE VAJEN AN BLESE

Lè tèt bebe a ap soti, li ka chire vajen an.

Gen fanmsaj ki pa manyen vajen an oswa ptit la ditou pandan akouchman an. Sa se yon bon abitid paske depi w manyen yo, sa ka mennen enfeksyon, blese, ak senyen. Men, ou gendwa anpeche vajen an blese si w soutni l lè ptit la ap soti.

Anpil fwa l ap blese kanmenm, menmsi w fè tout sa w kapab pou w anpeche sa.

Koupe mak sikonsizyon an

Gen zòn kote se koutim yo pou yo sikonsi tifi. Sikonsizyon fi ka lakòz sikatris ki pa ka detire ase pou bay bebe a pase.


Si manman an te sikonsi, ou ka bezwen koupe kote mak sikatris la ye a anvan tèt bebe a kòmanse kouwone. Paj 367 bay plis esplikasyon sou sikatris sikonsizyon fi, epi ki jan pou w koupe kote mak sikonsizyon an ye a.

Ou pa dwe koupe vajen an pou fè ptit la soti, eksepte nan ka dijans oswa pou yon fi ki te fè sikonsizyon vajinal. Gade paj 354 pou wè ki jan pou w koupe ouvèti vajen an nan yon ka dijans.

Soutni ouvèti vajen an

Ou ka itilize enstriksyon sa yo lè bebe a nan pozisyon ki konn fèt pi souvan an: figi l bay sou do manman an.

1. Lave men w byen pwòp epi mete gan ki esterilize.
2. Ak yon men, peze byen fèm sou po ki separe vajen an ak twou dèyè a (yo rele zòn sa a perine a). Men an ap kenbe manton ptit la toupre ak pwatrin li pou tèt li ka soti byen fasil. Kouvri twou dèyè manman an avèk yon moso twal oubyen twal gaz.
3. Sèvi ak lòt men an pou w deplase anwo tèt bebe a tou dousman nan direksyon dèyè manman an epi deyò vajen an.





Mete twal ki byen cho

Lè w mete twal cho toutotou vajen an, sa ede san mache nan zòn sa a, konsa po a ap vin pi mol, pi maleyab.

1. Bouyi yon chodyè/bonm dlo pou 20 minit pou detwi mikwòb yo. Si w gen dezenfektan (tankou yodin oswa betadin), mete yon ti gout nan dlo a. Si w pa gen dezenfektan, mete yon ti sèl nan dlo a. Kite dlo a fè yon ti frèt anvan w sèvi avè l. Dlo a dwe cho, men pa twò cho pou l pa boule manman an.
2. Foure twal la nan dlo a pou w mouye l, apre sa prije l.
3. Peze twal la byen dousman sou vajen manman an.

Fè tèt bebe a soti tou dousman


Si tèt la soti byen dousman, sa pèmèt vajen manman an gen plis tan pou l detire san l pa chire. Pou tèt la ka soti dousman, fè manman an sispann pouse (oubyen fè l pouse toupit) jis anvan tèt bebe a kouwone.

Pou w ka ede manman an sispann pouse


Anvi pouse a konn tèlman fò, li pa toujou fasil pou manman an sispann. Li pi bon pou w avèti manman an ou pral mande l pou l sispann pouse anvan pitit la kouwone.

Lè w bezwen manman an sispann pouse, di l pou l pouse souf byen fò e byen vit ak bouch li. (Li difisil pou l fè souf konsa epi pou l pouse anmenmtan.) Oubyen tou, si tèt bebe a pa soti epi manman an ka kontwole pouse a, di l pou l fè ti pouse toupit, men se pou l sispann pouse epi pou l fè gwo souf ak bouch li pandan kontraksyon yo. Sa bay po l tan pou l detire. Chak ti pouse ta dwe avanse tèt bebe a 1 santimèt pou pi plis pi deyò vajen an. Men gwosè yon santimèt:

Apre kote ki pi laj nan tèt la fin soti, rès tèt la ka fin soti san manman an pa menm pouse.



Manman sa a dwe **sispann pouse**. Tèt bebe a pral kouwone.



ATANSYON! Pa fè tèt la soti dousman si:

- Te gen yon voum san ki koule anvan bebe a kòmanse soti (gade paj 205).
- Kòd lonbrik la parèt anvan (gade paj 176).
- Kè pitit la ap bat twò dousman (gade paj 172).
- Ou panse pitit la ka an danje.

Si nenpòt nan ka sa yo prezante, bebe a dwe fèt pi vit posib.

SI SA NESESÈ, NETWAYE NEN AK BOUCH BEBE A

Lè tèt la fin soti, men anvan rès kò a fin parèt, ou ka bezwen netwaye bouch ak nen pitit la pou w ede l respire. Si l gen kèk glè oswa dlo nan bouch li ak nan nen l, ou ka netwaye l tou dousman ak yon twal pwòp vlope nan dwèt w. Ou pa bezwen aspiratè pou sa.

Si w panse bebe a te respire enpe dlo, ou dwe kenbe tèt li pi ba pase rès kò l yon fason pou dlo a ka koule soti nan poumon l.

Si dlo a te koulè jòn oswa vèt, sa vle di pitit ka gen poupou nan bouch li ak nen l epi li ka rale l antre nan poumon l lè l pran souf. Nan ka sa a, ou ka oblige netwaye bouch li avèk yon aspiratè oswa ak yon sereng ki pou rale glè. Ou mèt sèvi ak bagay sa yo sèlman si w esterilize yo (gade paj 59 konsènan esterilize zouti).

Men, sonje **pifò bebe pa bezwen aspiratè ditou.** Lè w itilize yon aspiratè, sa ka bay bebe a pwoblèm pou l respire. Itilize aspiratè a sèlman lè gen mekònyòm (poupou).

GADE SI KÒD LONBRIK LA PA PASE NAN KOU PITIT LA

Apre tèt pitit la fin soti, si gen yon ti pòz anvan zepòl yo soti, pase men w pou wè si kòd lonbrik la vlope kou l.

Si kòd lonbrik la vlope nan kou l san l pa sere, leve l epi fè l pase sou tèt li oswa sou zepòl li.



Si kòd lonbrik la trè sere, oswa si l vlope 2 fwa nan kou l, eseye desere l epi fè l pase anwo tèt la.




Si w pa ka desere kòd lonbrik la, ou ka oblige fè akouchman an avèk kòd la nan kou bebe a. Nan ka sa a, pandan tèt la ap soti, kenbe l toupre janm manman an, epi kite rès kò a “woule” pandan l soti, pandan tèt la rete anplas. Yonfwa kò a soti, ou ka devlope kòd la nan kou bebe a, epi kite san ki te nan kòd la antre nan bebe a.

Li trè ra pou yon akouchman pa ka fèt poutèt kòd lonbrik la twò sere. Si bebe a déjà fèt jiska zepòl li, kòd la sipoze ase long pou rès bebe a soti. Si tèt bebe a soti men rès kò a pa vle soti, pwobableman se zepòl la ki kole (gade paj 210 a 212).

Si w koupe kòd lonbrik la anvan bebe a fèt, li pap ka jwenn oksijèn jiskaske li fin fèt epi li kòmanse respire, ki vle di sa se yon ka dijans. Se trè ra pou sa rive kote w oblige koupe kòd la anvan akouchman an fin fèt, men si sa rive, ou ka klanmse kòd la ak yon emosta medikal epi koupe l avèk sizo ki pa pwenti. Si w pa gen zouti sa yo, ititlize fisèl ki pwòp ak jilèt ki esterilize. Fè anpil atansyon pou w pa blese ni manman an ni kou pitit la.



Emosta
medikal



Sizo ki pa
pwenti




ATANSYON! Si w koupe kòd lonbrik la anvan bebe a fin soti nèt, manman an dwe pouse byen fò pou pitit la ka soti deyò rapid. Depi kòd lonbrik la fin koupe, bebe a pap ka jwenn oksijèn jiskaske li kòmanse respire poukонт li.

METE ZÈPÒL BEBE A DEYÒ


Apres tèt bebe a fin soti epi li vire pou l bay figi l sou janm manman an, ret tann pwochèn kontraksyon an. Mande manman an pou l bay yon ti pouse kou l santi kontraksyon an. Souvan zèpòl yo ap soti byen alèz.

Pou anpeche manman an blese, eseye mete zepòl yo deyò youn apre lòt.

Si manman an sou men l ak jenou l





Mete premye zepòl la deyò lè w deplase tèt la tou dousman nan direksyon dèyè manman an.



Ansuit, mete dezyèm zepòl la deyò lè w deplase tèt bebe a nan dirèksyon vant manman an.

Si manman an demi chita




ATANSYON! Pa pliye tèt bebe a twòp. Dirije tèt la, pa rale l.

Zepòl bebe a kole

Pafwa zepòl bebe a kole, li pa ka soti. Youn nan zepòl yo kole dèyè zo basen manman an.

Anvan sa rive, konn gen kèk move siy. Petèt tèt la te bezwen anpil gwo pouse pou l soti, olye pou l te soti tou dousman apre li te fin kouwone. Manton an gendwa pa vle fin soti. Pafwa se kòmsi gen yon bagay k ap rale tèt bebe a ap retounen anndan manman an, tankou yon tòti k ap rale tèt li antre nan kal li.



Pafwa, apre tèt la fin soti, li kole byen sere sou vajen manman an. Bebe a gendwa pa vire pou l bay fas li sou janm manman an. Menmsi manman an pouse fò, zepòl pitit la pap ka soti.

Si zepòl yo pa ka soti, bebe a an danje! Vajen manman an ap peze kò pitit la, sa fòse san an ale nan tèt bebe a. Tèt bebe a ap vin koulè ble, apre sa mov. Apres anivwon 5 minit, venn nan sèvo bebe a ka kòmanse eklate epi yo senyen. Sa lakòz domaj nan sèvo l la. Apres sa, pitit la ap mourir.

Sa pou w fè


Ou ka oblige fè kèk pwosedi ki pral bay manman an anpil doulè, men sa ap nesesè pou w ka sove lavi pitit la epi pou anpeche l domaje nan sèvo l. **Ou dwe aji vit.** Pandan w ap travay, ou dwe bay manman an asirans, yon fason pou l pa strese.

Men 4 metòd ou ka itilize pou zepòl yo soti. Eseye yo youn apre lòt, nan menm lòd yo ye la a.

1. Eseye pozisyon sou 2 men ak 2 jenou a.

Fè manman an rete sou 2 men 1 ak sou 2 jenou 1. Asire w tèt manman an rete pi wo pase ranch li.

Kenbe tèt pitit la ak 2 men w (tankou yon boul) epi rale l dousman pandan w ap konte rive sou 30. Lè w wè zepòl la, rale monte epi retire pitit la nòmalman. Si sa pa mache, eseye dezyèm metòd la.




2. Peze sou zo ki anwo vajen an.

Fè manman an pwoche sou pwent kabann nan rapid. Si li atè plat, mete yon bagay anba ranch li pou leve l atè a. W ap bezwen espas pou tèt pitit la pandan w ap rale l desann.

Ede manman an kenbe pye l epi fè l rale yo sou li mezi li kapab. Ou ka fè lòt moun ede w kenbe pye l yo nan pozisyon sa a.

Mande yon moun pou l peze fò anwo zo basen an, men pa sou vant manman an. Moun k ap ede a dwe peze byen fò.

Mande manman an pou l pouse ak tout fòs li.



Kenbe tèt bebe a ak 2 men w, tankou yon boul (pa kenbe kou pitit la), epi rale dousman pandan w ap konte rive sou 30. Lè w wè zepòl la parèt, rale tèt la monte dousman epi mete bebe a deyò nòmalman. Si sa pa mache, eseye twazyèm metòd la.


3. Eseye pouse zepòl bebe a ak men w.

Pandan manman an sou 2 men 1 ak 2 jenou 1, avèk gan nan men w, foure men w nan vajen manman an, bò do bebe a. Mete dwèt ou anwo zepòl ki pi pre ak do manman an.

Pouse zepòl la ale devan jiskaske l deplase ale sou kote.


Mete pitit la deyò nòmalman, pandan w ap rale l desann epi w ap konte rive sou 30.

Si sa pa mache, eseye pwochèn metòd la.




4. Eseye rale men bebe a soti deyò vajen an.

Mete men w anndan vajen an, anwo bò do pitit la.




Deplase men w alantou kò pitit la, pliye ponyèt li a, epi kenbe men l. Rale men l atravè lestomak li, epi deyò vajen an. Sa se yon metòd ki trè difisil.

Atansyon w pa peze zo ki anba kou bebe a, paske sa ka domaje l e fè l senyen pa anndan an.



Kounye a pitit la ka fèt fasilman. Pran pitit la nan kò (pa nan men) epi ede l soti deyò.



Si youn nan metòd sa yo pa bay rezulta, li pi bon pou w kase zo ki anba kou bebe a olye w kite l mouri. Foure dwèt ou anndan, pran zo ki anba kou l la, epi rale monte nan direksyon tèt li jiskaske w kase zo a. Sa ap mande anpil presyon.



ATANSYON! Pa janm rale kou pitit la, epi pa koube kou l twòp. Ou ka domaje nè pitit la.

Jeneralman, bebe ki kole anndan konn gen pwoblèm pou yo respire lè yo fin soti. Prepare w pou w ede pitit la respire (gade paj 241).

METE KÒ BEBE A DEYÒ EPI REMÈT LI BAY MANMAN L

Apre zepòl yo fin soti, jeneralman rès kò a ap glise soti san pwoblèm. Sonje bebe ki fèk fèt tou mouye e yo byen glise. Fè atansyon pou l pa sot tonbe nan men w!

Seche bebe a tousuit avèk yon twal pwòp, e si tout bagay sanble l anfòm, mete pitit la sou vant manman l, avèk po manman an kole ak po pitit la. Sa se meyè fason pou l rete cho. Ou pa oblige tann jiskaske plasenta a soti, ni pou kòd lonbrik la koupe. Kouvri bebe a avèk yon dra pwòp epi asire tèt li kouvri ak dra a oswa ak yon chapo.

Yon bebe dwe jwenn tete tousuit apre l fin fèt. Yon bebe ka montre li pre pou l pran tete lè l brase bouch li oubyen li fè ti bri avè l. Ede manman an kòmnase bay pitit li tete.

Apre li fin fèt, yon bebe dwe rete kole ak manman l (po sou po) pandan omwen inèdtan san yo pa separe.

POUPOU NAN DLO AMNYOTIK LA (LI TE KOULÈ VÈT OUBYEN JÒN)

Si dlo a te vèt oubyen jòn, sa vle di bebe a te poupopou nan matris la. Si poupopou a antre nan poumon bebe a, li ka domaje yo. Ou ka wè si bebe a an danje lè w gade eta l lè l fèt la.

Si bebe a **an bòn eta** ou ka ba manman an li imedyatman. Men siy ki montre li an bòn eta:

- Li djanm (mis yo sanble yo anfòm, kò l pa lage)
- L ap respire oswa l ap kriye
- Kè l ap bat plis pase 100 fwa pa minit

Si bebe a **bezwen èd**, ou dwe itilize aspiratè sou bouch li ak nen l anvan l respire. Men siy ki montre li bezwen èd:

- Li fèb e kò l lage, tankou yon poupe
- Li pa respire
- Kè l bat mwens pase 100 fwa pa minit


Meyè fason pou w ede l se itilize yon aspiratè ki pou rale glè, men w ka itilize yon sereng ki fèt pou rale glè tou (gade paj apre a). Kèlkeswa sa w itilize a, li dwe esterilize (gade paj 59 konsènan ki jan pou w esterilize zouti).

Ki jan pou w fè yon aspiratè pou rale glè

Ou bezwen yon ti bokal, yon bouchon ki ka byen fèmen bokal la, ak kèk tib fen ki ase mou epi ki ka lave fasil. Esterilize tib la anvan and apre ou sèvi avè l.

Fè 2 twou nan bouchon an. Twou yo dwe jis ase laj pou tib yo ka antre.

Antre youn nan tib yo nan bokal la pou l rive jis anba bouchon an.




Antre dezyèm tib la nan bokal la pou li prèske touche anba bokal la.

Sèvi avèk aspiratè a


Premyèman, mete tib ki ale jis nan fon bokal la nan bouch bebe a. Li pa dwe ale pi fon pase 10 santimèt (4 pou) anndan göj bebe a.

Souse tèt dezyèm tib la ak bouch ou pandan w ap brase premye tib la nan göj pitit la. Likid ki nan bouch oswa nan nen bebe a ap desann nan bokal la, men li pap antre nan bouch ou. Apre w fin netwaye bouch pitit la, netwaye nen l menm jan an.



Pou w itilize yon sereng ki fèt pou rale glè

Esterilize sereng pou rale glè a anvan w sèvi avè l. Itilize sereng nan pou rale glè nan bouch ak gòj bebe a jiskaske w retire tout glè a. Apre sa, rale glè ki nan nen l. (Pou w ka fè pratik, eseye sèvi ak sereng nan pou w rale dlo anvan w sèvi avè l nan yon akouchman.)



KOUPE KÒD LONBRIK LA LÈ L VIN TOU BLANCH EPI LI SISPANN BAT

Pi souvan, ou pa bezwen koupe kòd lonbrik la tousuit. Lè w pa koupe l tousuit, sa pèmèt bebe a gen ase fè nan san l. Epi, sa ap pèmèt li kontinye rete byen alèz sou vant manman l.

Lè pitim la fèk fèt, kòd lonbrik la gonfle epi li gen koulè ble. Si w mete dwèt ou sou li, w ap santi l ap bat. Sa vle di oksijèn kontinye ap soti nan manman an pou l ale nan pitim la.


Lè plasenta a dekole ak matris la, kòd lonbrik la ap vin tou fen, l ap vin blanch, epi l ap sispann bat. Lè sa a, ou mèt koupe l.

Jeneralman sa pran anviwon 3 minit. (Gen moun ki tann jiskaske plasenta a soti anvan yo koupe kòd lonbrik la. Pa gen danje nan koutim sa a.)

Ki jan pou koupe kòd lonbrik la

Itilize yon fisèl ki esterilize oswa yon klanps ki esterilize pou w ka mare oswa klanpse kòd lonbrik la nan yon distans 2 dw èt ak vant bebe a. (Pitim la gen plis chans pou l pran maladi tetanòs lè kòd lonbrik la koupe twò long.) Mare l ak yon ne kare.

Mete yon lòt fisèl esterilize oswa yon klanps yon tikras pi wo.




Pou mare yon ne kare
Dwat sou goch, goch sou dwat.

Premye ne a

Dezyèm ne a

Koupe kòd lonbrik la nan mitan fisèl yo oswa klanps yo. Koupe 1 avèk yon kouto, jilèt, oswa sizo ki esterilize. (Nenpòt zouti ki byen file ka koupe kòd lonbrik la, depi w te byen esterilize l ann amoni ak youn nan metòd ki nan paj 59 a 67.)

Kite fisèl la oswa klanps la jiskaske chouk lonbrik la tonbe poukont li, jeneralman nan premye semèn nan.




ATANSYON! Pa kite okenn pousyè ni salte tonbe sou chouk lonbrik la!
Pousyè ak salte pap pwoteje lonbrik la, okontré yo ka lakòz enfeksyon grav. Pwoteje chouk lonbrik la lè w kenbe l pwòp e sèch.

Bebe a nan pozisyon chita

Lè bebe a nan pozisyon chita a, pye 1 yo ka pran 3 pozisyon diferan:

2 pye yo dwat



2 pye yo kwaze



Pye yo pran devan



Li pi fasil pou yon bebe akouche lè 2 pye 1 yo dwat.

Danje ki genyen nan akouchman bebe ki nan pozisyon chita

Akouchman bebe ki nan pozisyon chita a ka fèt san pwoblèm, men souvan pozisyon sa a pote danje pou bebe a, paske pa gen moun ki konnen si basen manman an ase gwo pou pèmèt bebe a pase.

Men danje ki grav anpil pou bebe ki nan pozisyon chita a:

- Kòd lonbrik la ka pase anba bebe a pi fasil lè fi a pase likid (gade paj 176).
- Tèt bebe a ka kole nan kòl matris manman an. Sa rive si kò bebe, ki pi piti pase tèt la, pase nan kòl matris la pandan kòl matris la poko fin ouvri.
- Tèt bebe a ka kole nan basen manman an apre kò l fin desann. Si kòd lonbrik la kole ant tèt bebe a ak basen manman an, bebe a pap jwenn oksijèn, e konsa li ka mouri oswa sèvo l ka domaje.

Si sa posib, akouchman bebe ki nan pozisyon chita dwe fèt nan yon lopital, sitou pou bebe ki gen 2 pye yo devan. Si lopital la twò lwen, oswa si l pa posib pou n ale, asire w ou gen asistans yon fanmsaj ki gen eksperyans avèk akouchman bebe ki nan pozisyon chita a.


AKOUCHMAN BEBE KI NAN POZISYON CHITA A KI PYE DWAT OUBYEN PYE KWAZE



Pa kite manman an pouse toutotan w pokò sèten kòl matris la fin ouvri nèt. Menmsi li gen gwo anvi pou l pouse, li dwe tann detwa kontraksyon anplis pou l ka sèten.

Lè kòl matris fin ouvri, mande manman an pou l pouse fason li pi alèz la. Ankouraje l pou l fè bonjan pouse byen fò. Jeneralman, dèyè ak vant bebe a ap pase san w pa bezwen ede l.


Jeneralman, pye yo soti poukонт yo. Si yo pa soti, mete dwèt ou anndan manman an, epi rale pye yo desann byen dousman. Pa rale kò bebe a.



Fè yon ti lache kòd lonbrik la lè w rale l toupit soti anndan vajen manman an.
Jeneralman, ou pa dwe manyen kòd lonbrik la.



Vlope bebe a nan yon lèn oswa nan yon twal ki pwòp ki ka kenbe l cho. Si bebe a frèt, li ka eseye pran souf pandan tèt li anndan manman an; lè sa a poumon l ap vin plen ak dlo. Kite lèn nan sou li pandan rès akouchman an. (Rès foto yo pa montre lèn nan jis pou w ka wè pozisyon bebe a pi byen.)





Ou ka vle chèche yon moun pou l ede w peze sou zo basen manman an (pa peze sou vant li). Sa ap ede tèt bebe a rete anndan, se pa pou pouse bebe a deyò. Ak anpil prekosyon, desann kò bebe a pou zèpòl ki pi wo a ka soti. Kenbe bebe a nan tay oswa pi ba.


Fè atansyon. Si w peze sou do bebe a oswa sou vant li, li ka pran chòk anndan.



Leve bebe a anlè byen dousman pou w ka retire zèpòl ki anba a, epi apre sa ponyèt ki anba a.




Si zèpòl ki pi wo a pa soti, li ka nesesè pou ou mete dwèt ou anndan vajen manman an pou ou ka mete ponyèt bebe a deyò. Pou kenbe ponyèt la, chèche zèpòl la, epi mache men w desann. Rale dousman sou koub ponyèt la pou w ka pase ponyèt la desann pwatrin nan. Fè zepòl ki pi wo a soti.



Kounye a, bebe a dwe vire pou fas li bay sou dèyè manman an. Kenbe bebe a ak ponyèt ou epi mete yon dwèt ou nan bouch li. Mete lòt men an sou zèpòl li yo, epi yon dwèt dèyè tèt li pou tèt la ka rete anba sou pwatrin li. Manton li dwe rete pre ak pwatrin li pou l ka pase byen fasil nan basen manman an.

Rale bebe a desann jiskaske w wè cheve dèyè tèt li. **Pa rale twò fò! Pa koube kou l, li ka kase!**



Kenbe tèt bebe a toujou sou pwatrin li pandan w leve l pou w ka fè figi l soti deyò. Kite dèyè tèt li a anndan vajen an.

Manman an dwe lache kò l, li dwe sispann pouse, epi li dwe bay gwo souf (lè l bay gwo souf sa ede l sispann pouse). Kite tèt bebe a soti deyò pi dousman posib.

Dèyè tèt bebe a dwe soti deyò byen dousman. Si dèyè tèt li soti twò vit, gen chans pou l gen emoraji nan sèvo, lè sa a sèvo l ka domaje oswa li ka mouri.




AKOUCHMAN BEBE KI NAN POZISYON PYE DEVAN



Lè pye yo devan, gen plis danje pase lè yo tou dwat oubyen lè yo kwaze. Lè 2 pye yo devan, gen anpil chans pou kòd lonbrik la soti devan bebe a).

Li t ap pi bon pou akouchman yon bebe ki nan pozisyon sa a fèt lopital. Eseye ralanti tranche a (gade paj 207). Mete manman an nan pozisyon sou jenou l ak men l, avèk tay li anlè, epi mennen l lopital.



Si l pa posib pou n al lopital, pa kite manman an pouse toutotan w pa sèten kòl matris la fin ouvri nèt (gade paj 339). Mande manman an pou l kouche, konsa gen mwens chans pou kòd lonbrik la soti devan bebe a. Itilize menm enfòmasyon ki nan paj 216 a 218 sou fason pou fè akouchman bebe ki nan pozisyon pye dwat oswa pye kwaze.

Akouchman marasa


DANJE KI GENYEN NAN AKOUCHMAN MARASA

Akouchman marasa ka byen pase, men yo konn pi difisil e pi danjere pase akouchman yon sèl ptit. Marasa gen 3 fwa plis chans pou yo mouri pase lòt bebe, poutèt rezon sa yo:


- Marasa pi fasil fèt twò bonè, lè yo piti e yo fèb.
- Gen plis chans pou kòd lonbrik la (sitou pa dezyèm nan) soti devan bebe a.
- Plasenta dezyèm marasa a ka kòmanse dekole sou matris manman an apre premye marasa a fin fèt. Sa ka lakòz yon emoraji grav.
- Gen plis chans pou manman an pèdi anpil san apre l fin akouche.
- Si dezyèm marasa a pa fèt tousuit apre premye a, manman an ka trape enfeksyon. Dezyèm marasa a ka fè yon enfeksyon tou.
- Gen plis chans pou youn oswa toude bebe yo nan yon pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou yo fèt. Osinon, youn ka bare lòt la, e sa ka lakòz akouchman an enposib.

Pou rezon sa yo, li pi bon pou akouchman marasa fèt lopital. Si trajè a difisil anpil, manyen vant manman an pou w wè nan ki pozisyon bebe yo ye. Sa ap ede w konnen ki kalite pwoblèm k ap tann ou pi devan pandan akouchman an.

Lè toude bebe yo
kouche sou kote, yo pap
ka pase nan vajen an.
Se yon gwo danje si yon
akouchman konsa ta fèt
lakay.




Lè youn nan tèt yo
deja anba, gen mwens
danje pou akouchman
an fèt lakay. Si bebe ki
tèt anba a fèt anvan, li
posib pou lòt bebe a
vire.



Li pi bon toujou si youn
tèt anlè epi lòt la tèt
anba. Men, ap gen
menm danje ki genyen
pou yon bebe ki nan
pozisyon chita a.



Li pi bon si toude
bebe yo tèt anba,
men kanmenm, li
pi danjere pase
akouchman yon
sèl bebe.



AKOUCHMAN MARASA

Si w fè akouchman marasa lakay, asire w gen omwen 2 fanmsaj ki abil ki prezan pandan akouchman an.

1. Fè akouchman premye bebe a menm jan w t ap fè sa si se te yon sèl pitit.
2. Koupe kòd lonbrik premye bebe a, epi mare pwent kòd ki deyò vajen manman an byen sere. Kèk fwa, menm plasenta a sèvi pou toude bebe yo. Nan ka sa a, si l pa mare, dezyèm bebe a ka senyen pa mwayen kòd premye a.
3. Apre premye bebe a fin fèt, manyen pou w wè nan ki pozisyon dezyèm bebe a ye. Si l kouche sou kote, kontinye li enfòmasyon ki pi ba a.
4. Dezyèm bebe a dwe fèt nan 15 a 20 minit, men li ka pran plis tan. Fè akouchman an menm jan w t ap fè nenpòt lòt akouchman.




Men pwoblèm ki ka rive nan akouchman marasa



Apre akouchman premye pitit la, fi a fè 2 èdtan san kontraksyon

Mande manman an pou l kòmanse bay premye pitit la tête, sa ap ankouraje tranche a pou l rekòmanse. Si pitit la pa pran tête, bay manman an yon masaj nan pwent tête l tankou si w t ap prije lèt la ak men w (gade paj 285). Si tèt dezyèm bebe a anba oswa si l nan pozisyon chita, eseye pete sak dlo a (fè l pase likid). Men, pa fè l pase likid si bebe a kouche sou kote.

Si metòd sa yo pa chofe tranche a, al lopital pi vit posib. **Pa bay manman an medikaman ki pou fè tranche a rekòmanse.**



Si dezyèm bebe a pa fèt nan 2 èdtan, plasenta a ka kòmanse dekole sou matris la, kòl matris la ka kòmanse fèmen, epi dezyèm bebe a ak matris manman an ka trape yon enfeksyon.


Dezyèm bebe a sou kote

Si lopital la pa lwen, ale kounye a. Si l twò lwen, e w gen eksperyans nan zafè vire bebe nan vant, eseye sa a:

1. Eseye vire tèt bebe a anba (gade paj 369).



2. Si w pa ka vire bebe a nan pozisyon tèt anba, eseye vire dèyè l sou anba.
3. Si w pa ka vire bebe a nan youn nan pozisyon sa yo, al lopital. Bebe a ap oblige fèt pa mwayer sezaryèn.



***Manman an ap pèdi san anvan dezyèm marasa a fèt
(oswa premye plasenta a soti anvan dezyèm marasa a fèt)***

Si manman an ap senyen apre akouchman premye marasa a e anvan akouchman dezyèm nan, sa ka vle di plasenta a dekole twò bonè (gade paj 184). **Degaje w akouche dezyèm bebe a pi vit posib.**

Jwe ak pwent tete yo, pete sak dlo a (fè 1 pase likid), epi mande manman an pou 1 pouse byen fò.

Bebe a toupiti oswa li fèt plis pase 5 semèn anvan lè

Yon bebe ki fèt anvan lè oswa ki fèt twò piti ka gen pwoblèm sa yo:

- Pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou akouchman an fèt (tankou kouche).
- Zo tèt bebe a ka twò mou, konsa li ka domaje fasil pandan l ap fèt.
- Difikilte pou kò l rete cho apre l fin fèt.
- Difikilte pou l respire e pou l pran tete.

Pou rezon sa yo, li pi bon lè se nan yon lopital yo fè akouchman bebe ki twò piti yo oswa ki fèt anvan lè yo. Si yo fèt lakay, li enpòtan pou yo al kay doktè byen vit apre akouchman an.

Si w oblige fè akouchman lakay pou yon bebe ki twò piti oswa ki fèt anvan lè, prepare w pou sa ak anpil swen:

Mete sou plas anpil lèn ki kenbe cho pou vlope bebe a kou l fin fèt. Siye kò bebe a, mete l kouche sou pwatrin manman an, epi kouvrí toude ak lèn. Sonje, bebe konn rete pi cho lè yo sou vant manman yo. Kite bebe a po sou po sou manman l. Mete sèlman yon kouchèt ak yon chapo sou li. Ou ka fè menm jan an pou yon bebe ki fèt sou wout pandan nou prale lopital.



Si w ka jwenn yon boutèy dlo cho, ou ka sèvi avè l pou chofe bebe a. Men, ou dwe toujou vlope boutèy dlo cho a nan twal; byen vlope bebe a tou. Pa janm mete yon boutèy dlo cho ki pa double bò kote yon bebe.

Bebe ki twò piti pa dwe benyen pandan kèk jou apre yo fin fèt paske sa ka fè yo santi fredi. Gade paj 256 konsènan ki jan pou w pran swen bebe ki twò piti oswa ki fèt anvan lè.